

BAB III


MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan téh nyaéta imah adat nu aya di Kampung Kuta, Désa Karangpaningal, Kacamatan Tambaksari, Kabupatén Ciamis. Data dikumpulkeun ti kuncén kampung jeung rengrenganna. Kayaning RT, RW, katut kokolot lembur.

3.2 Desain Panalungtikan

Léngkah-léngkah nyusun ieu panalungtikan bisa dititenan dina bagan ieu di handap:



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan mangrupa salasihiji cara nu digunakeun pikeun ngahontal udagan panalungtikan. Méthode asal kecap tina basa Yunani nyaéta *methodos*, nu ngandung harti jalan nu dipaké. Méthode panalungtikan nyaéta alat bantu pikeun ngalakukeun kagiatan panalungtikan ku cara direncanakeun, dilaksanakeun sarta ngolah data nepi ka ngahasilkeun kacindekan. Ieu panalungtikan ngagunakeun méthode déskriptif.

Méthode déskriptif numutkeun Moh Najir (1985: 63) dina Luckyta Anjar (2010: 31) nyaéta :

“Méthode yang bisa dipakai untuk meneliti sekelompok manusia atau suatu objek, yang tujuannya menggambarkan secara sistematis, faktual, dan akurat mengenai fakta-fakta, sifat-sifat serta hubungan antara fenomena yang diteliti”.

Méthode deskriptif digunakeun pikeun ngadeskripstifkeun ajén palsapah nu nyampak dina wangun arsitéktur imah adat Kampung Kuta, Désa Karangpaningal, Kacamatan Tambaksari, Kabupatén Ciamis.

3.4 Wangenan Operasional

Judul ieu panalungtikan nyaéta “Ajén Palsapah Dina Arsitéktur Imah Adat Kampung Kuta Désa Karangpaningal Kacamatan Tambaksari Kabupatén Ciamis”.

Sangkan leuwih écés tur henteu nimbulkeun rupa-rupa tafsiran, baris ditatanan wangenan operasional judul panalungtikan, nyaéta:

- 1) Ajén palsapah nyaéta ajén anu nyampak dina hiji kaayaan sangkan ngabogaan hiji maksud jeung tujuan anu tangtu boh amanatna, kasangtukungna pon kitu deui mangrupa mangpaat nu patali jeung kaayaan éta hal.
- 2) Arsitéktur nyaéta salasa hiji cara asli pikeun nyieun wawangunan sacara weweg. Arsitéktur mangrupa seni jeung élmu ngarancang hiji wangunan.
- 3) Imah adat Kampung Kuta nyaéta wangunan imah adat Sunda anu aya di wewengkon Désa Karangpaninggal, Kacamatan Tambaksari, Kabupatén Ciamis.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrument anu dipaké dina ieu ngumpulkeun nyaéta:

- 1) Tapé Rékorder
Tapé rékorder digunakeun pikeun ngarékam salila prosés wawancara lumangsung.
- 2) Kaméra Poto
Kaméra digunakeun pikeun ngadokumentasikeun unggal wangunan imah adat anu aya di Kampung Kuta.
- 3) Pedoman Wawancara
Pedoman wawancara digunakeun pikeun nungtun panalungtik dina prakna ngawawancara, sangkan obrolan muser kana tujuan nu baris dihontal.

Anapon pedoman wawancara anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta :

I. Biodata Informan

- 1) Wasta : _____
- 2) Pakasaban : _____
- 3) Atikan : _____
- 4) Padumukan : _____

II. Daftar Pananya

- 1) Di mana pernahna Kampung Kuta téh?
- 2) Beulah mana pernahna imah adat Kampung Kuta?
- 3) Kumaha sajarah Kampung Kuta?
- 4) Naon silokaning hirup masarakat Kampung Kuta?
- 5) Saha waé kuncén adat Kampung Kuta?
- 6) Saha kuncén nu ngajabat mangtsa ayeuna?
- 7) Naon waé nu jadi pantrangan di Kampung Kuta?
- 8) Aya sabaraha jumlah imah adatna?
- 9) Aya bangunan waé d Kampung Kuta?
- 10) Sabaraha ukuran imah adat Kampung Kuta?
- 11) Naon waé bagian-bagian imah adat téh?
- 12) Kumaha prak-prakan imah adat Kampung Kuta?
- 13) Naon ajén palsapah tina unggal babagian imah?
- 14) Upacara naon waé nu masih dipagelarkeun di imah adat Kampung Kuta?

15) Kasenian naon waé nu sok dipagelarkeun?

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu digunakeun dina ieu ngumpulkeun data nyaéta ulikan pustaka, obsérvasi, wawancara, jeung dokumentasi.

3.6.1 Téhnik Ulikan Pustaka

Dina téhnik ulikan pustaka (literature) panalungtik maca, néangan sarta neuleuman eusi buku-buku pikeun nangtukeun dasar-dasar téoritis anu aya patalina jeung masalah nu rék ditalungtik. Salian ti éta, talaah pustaka minangka bahan bacaan pikeun ngadeskripsikeun masalah ajén palsapah arsitéktur imah adat Kampung Kuta.

3.6.2 Téhnik Obsérvasi

Obsérvasi salaku téhnik pikeun ngumpulkeun data miboga ciri-ciri anu spesifik upama dibandingkeun jeung téhnik lianna nyaéta wawancara jeung kuisisioner (sugiyono, 2010: 145). Obsérvasi teu diwatesan ngan ka manusa, tapi ogé bisa ka objék-objék alam nu aya di sabudeureunana. Obsérvasi dilaksanakeun langsung nitenan kaayaan imah adat Kampung Kuta.

3.6.3 Téhnik Wawancara

Téhnik wawancara nyaéta téhnik anu dilaksanakeun ku cara komunikasi langsung jeung masarakat salaku informan. Téhnik wawancara digunakeun pikeun ngawawancara masarakat Kampung Kuta anu patali jeung sajarah kana ngadegna éta kampung jeung ajén palsapah naon waé anu nyampak dina unggal wangunan

nu aya di Kampung Kuta. Wawancara dilaksanakeun ka ketua adat, kuncen, aparat desa.

3.6.4 Téhnik Dokuméntasi

Téhnik dokuméntasi digunakeun pikeun ngarojong informasi data ngeunaan Kampung Kuta. Anapon data-data anu didokumentasikeun ku panalungtik salila prosés ngumpulkeun data nyaéta:

- 1) Hasil panalungtikan langsung ka objék panalungtikan;
- 2) Poto wangunan imah nu aya di Kampung Kuta;
- 3) Hasil ngawawancara kuncén Kampung Kuta jeung rengrenganana.

Dumasar téhnik diluhur ngumpulkeun data nyaéta dipilampah tahap-tahap ieu di handap:

- 1) Nyusun rarancang panalungtikan;
- 2) Obsérvasi sarta ngumpulkeun data kalawan turun langsung ka lapangan;
- 3) Ngayakeun wawancara;
- 4) Ngadokumentasikeun sarta ngainpentarisir data nu dipibeunang.

3.7 Téhnik Ngolah Data

Sanggeus data dikumpulkeun tuluy diolah, kalawan tahapan-tahapanana saperti ieu di handap:

- 1) Mariksa sarta nitenan data nu geus dikumpulkeun;
- 2) Nganalisis data dumasar kana kaayaanana;
- 3) Ngadadarkeun kaayaan imah adat Kampung Kuta;
- 4) Nafsirkeun palsapah;

5) Nyieun kacindekan ajén palsapah imah adat Kampung Kuta.

